

Pembantoe sareng  
agen:  
Priangan kielon  
M. Sahari - Bogor  
  
Priangan tengah  
H. B. Pasoendan  
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

\* Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja. \*

Ditulak di Soekapoea drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng  
agen:  
Priangan wetan  
M. G. Kartasadja  
Tjiamis.  
  
Djawa wetan:  
Bestuur Tjabang  
Pasoendan  
Soerabaja.

LANGGANAN.	
3 sasih . . . . .	f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.	

Redactie:  
Heerenstraat 31.  
Administratie:  
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:  
SOETISNA SENDJAJA  
ATMAWINATA  
Redakteur di Batavia  
SOERIADIRADJA.

Directie:  
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja  
Administrateur:  
K. MARTAKOESOEMA.

Pangas ADVERTENTIE:  
1/16 katja f 2,- {  
1/33 " f 1,25 } Sakali moest.  
Langganan langkoeng mirah.

## Somah moerba!

Boehna decentralisatie noe mimiki nia eta ngajakeun locale raden, gewestelike Landschape djeung gemeenteraden. Tapi elid elidna teh diboneum bae koe Pamarentah. Doe piploeueun kana kaperloen djelema res, tingkaloeloetoes, lantaran noe teu djidi elidua menak woengkoel: aja wakil noe leutik. Aja oge bangsa partikoelir, teu beunang dijanggap wakilna rahajat, da toeant-teeun tanah awata doktor-doktor djeung djaba ti eta.

Koe pamarentah meureun karasa perloe, da geuning loba noe menta, nja djol atoeran milih. Ti gemeenteraden bangsa menak-menak laleungit. Ngan tinggal di gewestelike raden, lantaran elidna teu dipilih.

Ka behdieuakeun nadjoe desi pamarentah teh: ngajakeun Provincie Pasoendan djeung raad kaboepaten.

Dina waktoe milih raad kaboepaten koering geus nemongkeun kakagetan hate, tina boektina beunang milih beda pisan tina biongoing di loear. Geuning ana djieg teh: bet menak keneh menak keneh noe loba.

Lamoen di bandapna kitoe, ka loe-hoerna oge. Raad Provincie geus mol bina ti kitoe. Tangtoe menak deui bae.

Tapi ari nepi ka tjara kieu mah djanggeleka, saperti noe ditoolis koe Gelenjoe dina "Ti pipir hawoe". sa-masakalou tau kaimpi-impi.

Matak bengong teh enjaan!

Dalem, Dalem, Dalem . . . . Patih Wadana Tjamat, Commies . . . . tjeuk hidji Kaom partikoelir, djrg. Samsoe, doktor di Djasinga.

Koe pangkat tea mah noe djadi wakilna, kadeun, ngan bet oelash ti saphik bae Kaom B. B. woengkoel.

Ieu teh beubeunangan dadahot mangtaoen-taoen? Ana goreh! . . . ja Allah!

Njash koe ongkos, njaah koe wak-toe. Geledegoe tjes!

Asa teu poepeogeuh, keur naon make aja pilihan sagala roepa. Keur naon make aja Raad Provincie, keur naon make aja raad kaboepaten, ari kira-kira bekal kieu mah djadina.

Salah Pamarentah?

Lain!!

Pamarentah mah geus mere omber. Tah top sakitoe pilih. Teu diparentali ari koe Pamarentah mah, koedoe milih Dalem, milih Patih, Wadana dj. dj. t. o. Rek si Dadap, rek si Waroe, koemah dloja.

Meureun tjeuk noe matja salah Raad kaboepaten.

Oge lain! Da Raad kaboepaten oge beunang milih. Beunang milih kiesman. Atoech Kiesman ana kitoe mah noe salah!!

Tjeuk koering mah . . . . lain deui bae.

Da ieu oge beunang milih deui, awata beunang ngabenoem. Rahajat noe milih.

Eueuh, atoech ari kitoe mah, ngembang boled, tetela rahajat noe salih, Salih, talobeh, la'lavora dina milih kiesman. Bongan sorangan, meureun tjeuk andjeun, pek geura seuhah!

Dina paitoengan mah, kahen raad teh, geus ngandoeng tjita-tjita Somah moerba, democratisch; hanas boektina menak moerba, . . . ja bongan saha! K. pan tjeuk idjiran noe di loehoer mah, ari di papaj-papaj teh njoko di somah moerba.

Tapi naha noe diseboet koe oerang salah teh enta salah.

Ieu kari koemaha tjeuk djelema noe ujhangareupan ien perkara.

Tjeuk oerang, noe njaho, ngadeuleu, ngadenge kaajaan di kampoeng, noe ngadeuleu, ngadenge kahajangna

noe leutik; noe ngadeuleu, ngadenge karipoehanana; tjeuk oerang meureun salih. Naha omong djeung boektina omongan pakia-kia.

Koemaha ari tjeuk oerang paloeran?

In bener bae, enja bae, kitoe mix-tina.

Kiesman kalangkang somah. Raad kaboepaten kalangkang Kiesman.

Raad Provincie kalangkang Raad kaboepaten.

Logisch, tjeuh. Bener kitoe!

Malah koe "De Courant" diseboekkeun, jen ieu pilihan teh hidji tanda, oerang desa teu atjan boga kahajang kana atoeran-atoeran somah moerba saperti kakoelonkeun.

Teteup hormat koemerebona ka noe djadi kapala Boektina meh di manama noe dipilih teh Dalem, Patih awata wadana.

Euja oerang desa teu hajangeun kana atoeran-atoeran somah moerba tjiara di deungeun-deungeun?

Geuning koe batoer mah oedjoeg-oedjoeg geplok bae diseboekkeun teu hajangeun?

Enja teu hajangeun?

Najau oerang aja di wetan, beda koelit beda adat, beda dedegan, beda sagala roepa djeung bangsa kielon, tapi dina ngeunah djeung teu ngeunah (ngeunah di dieu, lain ngeunah tjiara "laoek ngeunah"), rasa koering teu aja bedana. Oerang kielon ngeunah koe paparentahan somah moerba, sarerae pada hajang.

Naha kira-kirana oerang dieu teu hajangeun kana ngeunah?

Poegoeh hajangeun!

Geuning teu boektii?

Tah ieu mah hidji panjanan, noe pangdjawabanana karasa kadeuleu, kadeunge, tapi bese diseboekkeunana . . .

Maloomlah, djoerzagan-djoersagan, si Kabajau teh Bodo.

Ari adat anoe bodo sok gampang dibbodo, gampang dilitjikan, dijintaran; loba kasieun, loba kerisi; ieu teu njaho, itoe teu njaho; radjeun boga kahajang, ngan batih hajang.

Ana negtig boga redjeiki sanet-saet dihantem digerenjih, koe batakeranana noe palinter. Dimana teu rek mikeun, geuwat disiusieun. Djati-atiukeun Maloom noe pinter loba akai, lotu parabot. Blek monjet!

Tentungtingeun babatoeranana. Batan noeloeng anggoer mentoeng!

Tjing atoech Kabajau mikir! Da maneh teh djelema, djelema!

Harianeu noe pinter! . . . .

Tapi si Kabajau moal langgeng dina kabodoan.

Koedoe engke aja waktoe noe moestari . . . .

## Soerat Kiriman.

Bandoeng 24 November 1925.  
S. H. Djoeorgan Redacteur  
"SIPATAHOENAN"

Hatoer timpah noehoeun. moegi djeungan keresa ngalebetkeun ieu karan-ang, ngahidijkeun maksoedna sareng Pasoendan.

Njamboeng kana eusina "SIPATAHOENAN" No. 22 Salasa 24 November '25 tina karangan noe alamatna "Sarangga enggal merdi" noe dikaloerkeun koe djoeragan toekang ngal-

Sareng koering ningal kana eta karan-ang, estoe boengah sageenoeng-goe-noeng raos ditog, koe tjonjtjot bae, lantaran tina tjiotjogna maiah eta pamaksoeden tea dilamoenna koe koe ring mah, beheula 16 taen kapeongkoer, ajeuna parantos 6 taen tjiatjarakanana, nadjan karaosna seuseut

seuat-beurat kana kadadianana, tapi moal weleu leukeun ugeureujeuh. atoech teu katepi bae kateda boeahna ajeuna, soegang kapajoen ditaroleoel-keun koe "poesta poetas Pasoendan" sadaja, saratna sabar leukeun ngeureujeuh, temen wekel ngadjalan keunauna, insja Allah tangtoe boekti boeahna.

Nja ieu boektina ketjap heuheuren, tapi malik katemen, anoe koedoe dipilampah koe pangeusi "Pasoendan". Ada betalada betoel. Ada foeloes ada foeloes Poegoeh oerang teh miskin tua mah, tapi emet: Legatanah, reabatoer. Tjobi taringan pasawahan tanah darat sakitoe makplakna, ingon ingon sakitoe rendangga, tjiatjah dijiana kirang langkoeng 9 joeta djalma.

Hih atoech ana kitoe gede pangah-repan kana moelja kaja asal bae bisa mitjeun noe djadi panjakita, ngarobah tbeatet goreng:

A. Hajaneun teu kaop aja parab, sok tjeol parab teu ari koe silih patjok (teu noeroetan entog, meri soang). Djadina teu daek goejoeb, tibih tiua roentoet roekten, dibarengan iren panastren ditempelan sirkit pidik.

B. Bogoh ka "ronggeng" lain ngabadijoe deni ieu mah njumping, njaho djahat matak roegi oge dikeureujeuh bae da bogoh, sabab:

I. Hade roepana hade sorana, merre parab panon djeung tjeuli.

II. Hade ketjapna aloes basana, pangoloan (ngagelokeun) badis, nja peier raos bae da kaalap manabna.

III. Hade tingkah polanana djeung dangdananana, matak oeroej djadi pangroet woengkoel.

Tina beurata panjakit A. B. teu, toengtoengna kantone bingoeng djeung liwoeng, djol bae di oerang aja watek (tbeatet):

A. Resep nirlik lamoen dibawa kadalan poek (ditoeloeng bari dipentoeng, ditjiceem bari digege).

B. Moegen ngahoented, ditarak kalah tjeurik oepama diadjak ka noe tjaang, (sien kana kana djalan ka amel jaan).

Tapi ari katjapangan "hajang mola" aja djeung meridika."

Aneh!!! Aheng!!! Njaeta atoech model baroe!!! Model baroe sotek saer karoehoen, da oerang mah hiroep ajeuna.

Pikeun katerangan sakieu oge tje-kap, ajeuna moal moegi enggal-enggal bae pangeusi Pasoendan geura garoegahkeun, toeloep saged, prak didaramel, bareng-bareng pada madjoe, ngahantja ti madhap papat celah bese beleke, montong weja sambewara. Doe-pi padamelan teh nya ieu noe keur dikeureujeuh koe koering ajeuna: Koe-ring teh. mbaungka hidji Propagandist ti hidji Maskape "Pribumi" noe maksoedna taja lian ngan rek noengtoe sepa-ja oerang Pribumi, genah moelja enggal hiroep koemaloengkoeng dibali-geus ngadjadi. Geuning sakite rentoelna Pakoempoelan sakitoe retjet na noe njarita, maksoedna mah sada-jami: Ho jong rao hiroep!

Pikeun katerangan sakieu oge tje-kap, ajeuna moal moegi enggal-enggal bae pangeusi Pasoendan geura garoegahkeun, toeloep saged, prak didaramel, bareng-bareng pada madjoe, ngahantja ti madhap papat celah bese beleke, montong weja sambewara. Doe-pi padamelan teh nya ieu noe keur dikeureujeuh koe koering ajeuna: Koe-ring teh. mbaungka hidji Propagandist ti hidji Maskape "Pribumi" noe maksoedna taja lian ngan rek noengtoe sepa-ja oerang Pribumi, genah moelja enggal hiroep koemaloengkoeng dibali-geus ngadjadi. Geuning sakite rentoelna Pakoempoelan sakitoe retjet na noe njarita, maksoedna mah sada-jami: Ho jong rao hiroep!

Doepi tina lid bestuur Studiefonds Pasoendan koemaha?

Lireun atanapi henteu?

Noe mawi dijisimkoering naroskeun lireun benteuna, margi bilih bae sou-er anoe kaliroe sareng kateranganana ti H. B. Pag. Pasoendan, kapengker H. B. Pag. Pasoendan parantos terangeun anoe djadi Penningmeester Studiefonds Pasoendan, nanging ajeuna manawi teu terangeun, koemargi eta bilih hojong terang raratanana, ieu di handap kateranganana dongkap ka dijisim koering lireun tina djadi Penningmeester Studiefonds Pasoendan, doepi separantosa mah henteu terang:

Anoe nawis dihandap ieu R... parantos roemaos nampi artos

tuur & Commissiehandel".

III. Pikeun para djoeragan-djoeragan noe kagoenga gadjh diajakeun: "Af decling cooperative vereenigingen".

IV. Pikeun sagala golongan noe sanes diajakeun "Afdecling Incasso & Administratie". Njaeta ngoeroeskeun boekoe-boekoe, padjeg-padjeg djeung salianya.

Katrangan pandjang mah, engke deui bae dimana arandjeun bade nger sakeun, ngadegkeun salah sawiosna Afdecling noe diajakeun koe ieu N. V. H. My. G. P.

Sanget-sangget panoehoen moegi sadajana pangeusi "Pasoendan" teu di widji-widji: "Menak koering, koe liel, dagang, tanisareng djeneng sing ngahidji tempoeg djeung ngabokektikeun "Pangocahaan" (nl: economic noe enjaan.)

Ien atoeran nambé lahir di doenja "Pribumi" da di batuer mah geus aja windoena.

Moegi arandjeun celah sok ngemot keun ka pakempan-pekempan noe parantos, eta mah ngan piloceanen, tjin-dekna celah kapok mogok tapi koedoe kapok gawok". Njaeta tadi mah lantaran salah oerang keneh bae maloem dijadai keneh, sok kalarue pa-milah. "Ngengken patjoeleka kamaasan, mihape hajam ka heulang.

Nja soegang ajeuna mah oerang teh geus tjoendoek ka weekoe dongkap ka mangsa, sageuj teu koet naug-geuhkeun tihang awi, kai, beusi kena-dahan-dahan tjiaringin ari geus ngadeg mah.

Eta tjenah oerang mah dagang teu boga modal, tapi teu boga pangarti, toengtoengna tetepon katolotjoh, inggis koe bisa rempan koe soegaa, hammo bisa basil maksoed. Tjeuk sawa-reh teh andjing ngagogogan kalong, ngadjoel boelan koe aziwoeng. Na hen teu emoti kana emoe rinjoch? La-leutik teor taja kaboga, hengker tana ga, naha bet bisa njeun hoenjoe anoe gedoe toer santosa, maranahan!

Studiefonds Pasoendan sadajana anoe disimpel di MASDOEKI seueurna f 167.60 (saratoes geneb poeloeh toedjoeh roepja geneb poeloeh cent), koe margin Djoeragan MASDOEKI ti ngawitan dinju ieu kaloear tina pangoeroes Studiefonds Pasoendan.

Bandoeng 20 JUNI 1924

R.....  
Khalwan-kasakunan sareng pirempoenga Secretaris Studiefonds Pasoendan vd.....

Mocchis.

Saksi No. 1  
BESLUUR Pasoendan tjabang Bandoeng sareng lid H. B. Pasoendan.

K. Karnadidjaja.

Saksi No. 2.  
tawisna djenengen henteu terang.

Oepami H. B. PASOENDAN palaj terang, saha anoe nampi eta artos sareng di mana ajana, kedah enggal taroskeun ka Djoeragan-Djoeragan anoe djenengenana kasehat diloehoer Salam hormat

langganan Sipatahoenan No. 245.

N. B.  
Kahatoerkeun ka  
Djoeragan EMA Voorzitter  
Studiefonds Pasoendan, sareng  
Djoeragan MOEHLIS Secretaris  
Studiefonds Pasoendan.

Sarehna Djoeragan MASDOEKI knoekar tina Penningmeester Studiefonds Pasoendan, Stinkering Commissaris Studiefonds Pasoendan (Raden KARTABRATA) moefakat artos kagadoehan Studiefonds Pasoendan dipasrahkena ka ieu d-ea Bestuur, kalawan disaksi koe Festuur Tjabang Pasoendan Bandoeng.

Hoermatau

R. K. Brata.

Bandoeng 19/6 — 24.

### Ngalegaan pikiran.

Anoe maraos ieu karangan tangtos pada aroeninga koemaha lakoe lan-puhua anoe bodo sareng anoe pinter. Kapinteran beunangna ujaeta koe sakola, koe paug-dijaran ti indoueng bapa, djeung cepama gens hirloep sorangan lja eta koe loeung koe diregepkeun sagala roepa noe kapunggih djeung anoe kasorang. Ari kahirozen di doena sakinet anehna, sikitoe seueurna, djelema anoe hiroep pada mawa kasep sorangan pada noeroetkeun pikiran sorangan.

Ajenna tjoewang ngemoetkeun pergerakan kamadjoean. Sakitoe apau roana di oenggal oenggal karadjau. Pagoebahan ieu, pagoejoeban itoe. Oenggal pergerakan boza hidji maksoed anoe ditodjoe, roepna eta pamaksoedan warua-warna, malah oepama henteu dipikir pandjang rea pgoejoeban anoe tjita-tjtana patoskang-tonkang. Naungi bilitna, maha sami ujaeta kamadjoean pikiran.

Diorang anoe katiugal ujaeta nationalisme sareng kamadjoean comunitise. Hartosna tangtos pada aree ningga benteu kedah diterangkeun deui. Mangga geura pada emoetkeun nuo maksoedna naon kahajaingna. Oel-lah lali ege, sagala kadjaduan tersuna anoe kawasa; ieu kedah diemoetkeun sangkan verang oelah gantjang gantjang njebot: "Ih noeroes toendjeng eta mitak doraka!"

Kapoengkoer waktos sim koering aja di Bandoeng aja noe njaoer hanteu-sim koering pisinjen maksoed pagoejoeban Pasoendan tjaara bangkong ditoerhoeban batok. Etu mah pohara tjaara njaoer kieu bae: "Baroedak oelash sakola haram."

Geura oerang mapaj kawadjinan kawadjinan manoesa. Pikiran djelema minitina pondok heureut, laoen-laoen djadi ugalegaan. Njaeta' koesabab kapinteran beuki lila benki madjoe. Mimitina djelema teh pohara hawekna lila-lila datung kanjana ka noe sedjen ujaeta ka batoer sainah, kabarsaja-ka batoer sakampeng, ka batoer sadesa, ka batoer sadistrict, batoer saafdeeling, batoer sakaresidenan, batoer sabusa, ... manawi seueur keneh anoe langkoeng lega. Emoetkeun bae geura koemaha kanjaahna bangsa Wali.

Noeroes badan sorangan, naha salah? Mirosa famili teh salah? Noeloengen batoer sakampeng teu hade? Noeroes batoer saafdeeling, batoer sakaresidenan salah?

Ajeuna miloe ngamadjoekan harkatna batoer sabusa salah ta henteu?

Henteu salah malah eta teb djadi kawaduhan cerang. Manga geura pada ngemoetkeun, oepami karaos sae, sareng peros coggi djalankun.

K. S.

### "Oendjoekan".

Saparantos ditilar poepoes koe Djoengdjoenan sadajana abdi-abdi di salebet district Sindangbarang, ija-eta djoeragan Raden Hadji Said nabi bintang Sindangbarang, soemawonten anoe kusebat wargina, sanaos djisim koering oge sareng sadajana rentjung rentjung di Sindangbarang, henteu kinten batengaraoskeun sedih pikir, ngahelas raga, emoet kana kaseaanana manah andjeunana, kaweowoh anoe sakitoe ageng djasana ku pangagoeng; kersa nuwelas mikaasih ka abdi-abdi.

Dina salebet liwoeng pikir djisim koering, ngemoet ngemoet koemaha alkna sanckan mendak doenoengan anoe manabaha sapertos saliranra djoeragan Rd. Hadji Said marhoeem.

Koe kersana noe agoeng kalajan banget panedu djisim koering sara woh reutjung-reutjung di kampoeng, tiessa oge dikaboel sakoeunha noe dipimaksad, nja eta koe kersana noe agoeng noe didamel Naib Sindangbarang teh djoeragan Raden Natratmadja, Chalipah onderdistrict Tjidaen, district Sindangbarang, poetrana djoeragan Rd. Hadji Said marhoeem. Ieu ege henteu aja anoe bireuk deui dina kaseaanana manalina sareng dina kaadlanana. Noehoen! Noehoen!!!

Namoeng djisim koering teh henteu wele-wele gadeoh panoehon ka sadajana pangagoeng, moegi-moegi koe sadajana pangagoeng dimanah kalajan enggal dikaboelna ieu panoehon:

Ie. Njoehoenkeun di desa Kalapanoenggal onderdistrict Tjibinong sinareng di desa Naringgoel onderdistrict Tjidaen, enggal diajarn Hulp Chalipah (toekang nikahkeun) noemoetkeun di sanes-sanes dessa. Muksoedna koemaha anoe parantos kalebet dina serat rekesan anoe parantos kasanggakeun, margi teu kinten ngadjadikeun kaabotanana ka abdi-abdi.

2e. Njoehoenkenn tempatna amil-amil ditetepkeun di hidji hidji kampoeng nocuotkeun anoe parantos ditangtoekun bagian tempatna, oepamina: Amil kampoeng Tjibet kidah tetep tempatna di kampoeng Tjibet oelah matoeh di kampoeng Kaoem desa Tjidaen. Atanapi amil kampoeng Tjikores oelah matoeh di kampoeng Tjidaen peuntas desa Tjikore.

Ieu oge teu kinten kaabotanana ka abdi-abdi oepami aja noe maot atanapi sanes-sanes kaperloean.

3. Njoehoenkeun panarikan djakat sinareng pitrah ka noe djadi Amil oelah didamel dines (dipatok dina hidji taoen) kedah kenging ... tjaeng a f ..., margi taoen ajeuna anoe keur dipadjeng lami halodona sinareng oepami kaleresan noe djadi Amilna borangan koe noe djadi Naib kantenan ngadjadikeun kaabotan ka abdi-abdi.

4. Njoehoenkeun pangaostra pare djakat oelah dipatok noemoetkeun pangaoe di kampoeng, sene noemoetkeun patokan anoe parantos ditangtoekun ti Nagara bae, cepamna patokan ti nagara 1 tjaeng f 20, pangaoe beresih, oelah noemoet pangaoe di kampoeng f 30, beresih, margi kedah dietang ongkos nanggoeng ti kampoeng ka tempat amil sinareng ongkos ngadjoe.

Ieu oge tiasa ngadjadikeun kaabotan ka abdi abdi.

5. Njoehoenkenn dina waktosna aja noe nikah, kekenginan ipekal anoe dibagikeun ka Hulp Chalipah, Amil, sinareng saksi-saksi, noemoetkeun sakoemaha anoe parantos ditangtoekun ti nagara bae.

6. Njoehoenkeun dina waktosna toetoeptaoen amil-amil oelash diponeed-oetoeptaoen tali howe margi sadajana amil-amil henteu ngagaradoehan kebon howe soemawonten somah somah mah kadjabi ti tanah; Haqqulah atanapi tanah toetoeptaoen.

Sae njandak ongkos tina Kas masjid bae.

7. Njoehoenkenn amil-amil oelash diponeed-oetoeptaoen tali howe margi sadajana amil-amil henteu ngagaradoehan kebon howe soemawonten somah somah mah kadjabi ti tanah; Haqqulah atanapi tanah toetoeptaoen.

Anak somah

25 Moending gerang.

### Hal Volkscrediet bank.

Tjenah senang geuning djadi beurat?  
Naha kitoe nja!

Kien katranganana: Bener pisan pikeun noe ngindjeum ance deukent kana kantoorna wah nja senang, tapi koomaha pikeun anoe tjaehi, saperiti: Si Dewala oerang desa Sindungdjaja si Gareng oerang Tjialitali, kabel pa da' ngindjeum ka bank f 50. sewang Meureun djoeragan-djoeragan ajeuna taringali tebhina ti Tjialitali; ti Sin. dangduja ka Bandjar teh, leumpangan na kaa Halte Bandjarsari aja 4 pal, oge kartjasa poelaung pegg f 060.

Eta dooit noe f 50 djangdji saban boelan dibajar, djeung loenas sadiero 20 boelan Ajeuna cerang ngitoeng ka roegianana.

Sindangdjaja Bandjarsari kather poslang pegih f 0,60

Kartjis Bandjarsari Bandjar poslang pegih f 0,20

tempo teu digoenkun matjol f 0,50

retuten rata-rata saban boelan f 0,25

dina 1 boelun kalocar ongkos f 2,15

Djadi lamoen bajar teroes dina 20 boelan beakna ongkos = 20 x f 2,15 = f 43,-

Sedeng ngindjeum bank ngan f 50

Matugga djoeragan galih, tjeuk koiring beurat, doeka tjeuk noe sanes!

Neda kamoerah djoeragan Redactie, salambar Sipatahoenau kintoen ka Padoeke toeun G. A. F. Altmann Ad minister Volkscrediet bank Tasikmalaja, henteu aja saues soepaja kaoeninga, saparantosa soegan aja piwel-sua; 1 di Tjimaragas 2 di Bandjarsari 3 di Pamaritjan, moega di mana rek mere ngindjeum atawa panaoer, moega panggawe bank bae sing soemping kana eta tempat saperiti di Kalipootjang, margi karoegian di loeher tjan diitoeng sareng waktue narima artos.

Hardjoproerito.

Bandjer 23 Nov. 1925

### Pilihan raad Provincie.

Bangsa Walanda noe kapilih:

1. Ir. T. H. Desauvagie (I. E. V.)
2. W. F. Zuur (P. E. B.)
3. Mr. P. A. Blauw (I. E. V.)
4. J. W. van Thijn (P. E. B., ongkoh I. E. V. ongkoh).
5. P. K. Heringa (I. E. V.)
6. J. A. M. Bruinem (Kath.)
7. H. F. Jantzen (P. E. B.)
8. C. J. H. Fuchter (I. E. V.)
9. K. Dijkema (C. E. P.)
10. B. Roep (P. E. B.)
11. D. R. K. de Boer (I. E. V.)

Pangsa Tiong Hoa

Yo Heng Kan, Tjin Djing Kong

diitung H. H. Kan.

Bangsa priboemi

(Tingali Ti pipir hawoe).

### Couden-Jubileum.

Theosophische Vereeniging 1875-1925.

I. Toetoeptaoen poloeh taoen, pakempen Theosophie, netangti ti barang ngadeuna, nepi ka saat kiwari (1), dogerina Toean diitung Njonja, OL-COTT sinareng BLAVATSKY.

II. Toetoeptaoen taoe disamboeng, koe Toean diitung Njonja deui, Bischop Leadbater boediman, Doktor Besant noe binangkit, boemen-boemen di Aljir, nja poeserna Theosophie.

III. Toedjoeanana rhajoe, hajoena malik ka diri, noe diteda karapihan, noe teroes kana pangeusi, noe karisa kee sorangan, sorangan djati walagri.

IV. Djatina keur pasariwoet, sari-wet pakoeatkait, di tegal si awat-awat, kabekulit ka boelat beulit, beulitanan sorangan, sorangan bongan ti tadi.

V. Hadjat mah oenggal Rajaeng, gede ageno kooroenjinji, di-rewhaekun dimeloedan, tonggo taja euil-euil, Kabajan moesna suboelan, katoer-ebun tjeuli moending.

Kintoenan Secretaris  
T. V. Galih pakoean  
Bandoeng.

1) 17 November 1925.

### W. A. ka Garoet.

Malem Minggo 14 Nov. 25 W. A. dihirus propaganda Theosophi koe kaom T. V. Garoet.

Nja kadjaduan, tempatna di "kamar dahar" sakola Normaal. Noe soemping nja seueur oge, doeka ari nepi ka ratoesna mah katoet moerid Nor-

maal noe baradag. Djabi ti dinja gebroelan: djrg.-djrg. Goeroe sakola, djr. dji. Komini s. dj. t.

Sutengah 9 ngawitan diboeke. Mimiti noe djadi Bestuurna (hidji Njorja bangsa Walanda) ngahatoerkeun wilodjeng, sakuemaha tata anoe galih.

Tidinya nembe disamboeng koe noe gadoeh hadas, diradjahan heula koe tembaung Sinom 5 pada, dimamaoskeun koe salissawis moerid Normaal.

Nja ieu bangkarakna:

I. Hatoer salam ka sadaja, soegri noe njanding saroemping, amit medarkun babaran, ngitjits boedi milik pasti, pangeusi sanoebari, meletoes ti rohoe koedoe, slam benda waktja-na, oedja sepoh noe berboedi, boedi basa boedjangga tedula Pasoendan.

II. Lalaran Soebang - karantjang, soegan kasoerti kadjoedi, aja bagdja duvelatna, aja milik noe iseli, liur ka geuing-geuing, ditroetoer di bale bendeng, bandoenganeun sorangan, ngan teur tineung sakaeling, eling kana poesaka ti kasoetjan.

III. Soetji keur lemenggang herang, soetji ti bawa ngadjadi, soetji Sang Moedik batara, paseetjen alam kiwari, kiwari moedja moedji, noe ngaloen mapaj Tjimunoek, Kjan Santang kung loemhdjung, djangglina lalakon diri, banjat banjat lebuli Embah Pager Djaju.

IV. Djajana di kadalem, kapang-katan cerang Soetji, awas ku goenoeng Tjikoeraij, matapan di Kandang wesi, wewesu boedak boentjir, geledeog goenoeng Galoenggoeng, agoeng anoe mandangan, diulur baring soepagi, dibasakeun nagura ti batik lemah.

V. Nja lemah lemah lembotenna, pangatik anoe birahi, soemerah raga djeung njawa, wawanen apik ka diri, wiwitinan doenadi, didjoedjoer koe noe rahajoe, digelar noe wisesa, sesana milik pirhadi, boga salam poesaka di katoenggalan.

VI. Djinjins doeroengdoengna mah koe tjaris biasa bae.

I Ngababarkeun ketjap soef (basa Arab). Soenda bangsa boeloe toelen kajaning boeloe onta, boeloe domba noe djadi alketip atawa laken; lui tireean, noe matak mahal awet.

Soeti, noedoehkeun hidji kaom (go-longan) noe puda mikaresep kann bangsa noe enja (kagoestian) Tassawoef, noe pada maksa maneh, boga tekadwajina hese, meuronan njahojen pialoeusen. Djadi lamoen dipondokkeun elmoeniroekatogebanbangsa boeloe." Djadi?" Djadi,

njoeroep.  
Noe ka hidji tem koedoe ditjaritakun pandjang-pandjang, sabab ngaleokna kana goreng ngan kana bohong, ngabobodo atawa napsoe. Djelima anoe njieu pete kitoe bohongna atawa ngabobodana awal alir tangtoekaboker. Sateroesna teu aja kitoe kieu deui. Anoe geus boga rasa kabocka rasihana meureun era, anoe sedjen moal aja noe ngugoegec ka manehuna. Semet dinya babar lalakon kasoeropan.

Djaba ti eta bahjana henteu aja, sabab anoe njoeroepna henteu rea, poegoch saerang-erangnya, djeweng teu bisaeun mawa sakaba-kaba, sana-djan anoe kasoeropanana teu inget, kalindih koe noe njoeroep, seemawonan moen henteu.

Anoe matak puor mah kasoeropan anoe kaseboet kadeoa, nja eta kasoeropanana estoe karepna noe njoeroep. Anoe kapanggih koe koering kaaja-anana tiloe roepa.

1. Anoe boga badan tetep inget, teu aja pohona, salampah lampah djeung saomong omongna njaho, ngan badanna kapeoerba koe noe njoeroep. lampalma djeung omongna lain kurep manehna, tapi karep noe njoeroep teu.

Djadi manelina henteu bisa koemawas kana badanna sorangan, lirosoepir kareboet setir. Latin dosa djelima, teu boga dosa dipergasa? Mania temen njerieunana latenn, djelima keur kitoe diseboet noe gelo, atawa dipupandekeun ka noe lain-lain.

2. Anoe boga badan samasukali teu inget, djadi teu njaho kana sagala ceting tingkahna. Ieu knajaanana teu beda djeung anoe ng Lindoer djeung goendam. Naha djelima anoe teu njaho wajib disiksa, dipergasa, disang-sara?

Pamanggih koering mah kaniaja maksih djelima koe panjiksa, koedoe nanggoeng di si batoer.

3. Anoe boga badan samar, kana lakoem lampalma asa-asa, aja ngukoe aja henteu, pikirna loba herunnna, helok koe pamolah badanna pribadi, sabab henteu boga rasa, jen kasoeropan. Koemaha ngahockoemna noe kitoe.

Demikian waktoena njoeroep henteu beunang ditangtoekun irala-irahana, aja kadijian peuting, aja beurang; nja kitoe deui lila atawa skeudeunna. Sawreh soeropan datangna mutuoh nempo, saperti saban malem Ahad, aja deui noe dina malem Salasa djeung malem Djoemah, dina malem Senin djeung malem Kemis, sawreh mah teu poegoch waktoena, kawasna teu irala bae poeroenna.

Harkatna anoe njoeroep teu bina djeung djelima di kieuna aja loehoer handapan; pangaroehna djeung pangawasna kitoe keneh.

Di poegoch djelima tea teu sa-rea, nganggapna ka noe kasoeropan teu sareta. Aja djelima anoe nganggap siwah atawa edan. Noe njoeroepna diseboet djin atawa setan. Nja noe kitoe noe sok pasea djeung soeropan teh, Pauojok djeung panjareken teu matak tjageur soero-pan, henteu djadi piteloeng ka noe kasoeropan, anggoer mitak papandjangan patjek-tjokan.

Djelima noe rea pangaboetoeh moe-ro-moeroena ka noe kasoeropan rek menta piteloeng, menta kieu menta kitoe, panjangkana noe njoeroep teh sagala njaho, sagala bisa. Tapi babokoenaanoe kasoeropan teh didijen doekken poerai njampa.

Anoe teu poegoch mah anoe sieun djeung noe resep rek ngahureuvan.

Moh. Ambri.

### Laki rabi.

Dina Sip. No. 49 ddo. Juni 1925. Aja seratan djrg. Panggilan anoe toedjelina tilichoerna Boeboedoetan (babadean) anoe maksoedna soepaja orang priboemi oleah loba teuing anoe njerahkeun alias nalak ka pamadjananana.

Anoe kapendak koe djisim koering noe parantos ngabade noe aja dina Sipatahoen aja 3. 1. 1925. E. Pr. 2 djrg. B. S. 3 djrg. Salmon. Kehartosna koe djisim koering roepi-na bae teu atjan aja noe tjetjog kana manah djrg. Panggilan teh. Naha le-re teatjan aja noe tjetjog kitoe??

Djisim koering moal ngahadjia ngabade (negoh) kana Boeboedoetan djrg. Panggilan, djisim koering mah moeng bade ngahadjia bae ngademel karangnan anoe toedjelina LAKI-RABI, noehoen oepami leres keuna kana Boeboedoetan.

gan Djr. P. sanaos lepat oga tjelek emotan bade diteraskeun ngadadjar pamendak. Djisim koiring sanes oejoeb sanes takaboer, sanes pipintera dan sanes bibisanan, tobat teuing!

Moeng sakader sajá-aja bae, loelomajahan, ugiring oeloe bioeng kana medan serat babar.

Manawi teu aja wagelan, sareng di pasihun tempat koe djrg. Redactie INSJA ALLAH bade diteraskeun doe-gi katamatna . . . kitoe duui oepami aja lepatna, oejah kirang-kirang nja ngahapoentoen koe djiro. P. sareng kasa-dajana noe maraos . . .

Ketjap LAKI RABI teh diadegkounana koe doesa djelima 1 lalaki 1 awe-we kalawan nganggo sarat roekoenna koe akad nikah. Damoeng noe ditjariskena di dieu bade ditjokot noe ringkesna bae, anoe oemoem di oenggal nagara. Hidji pinganten lalaki, hidji panganten awewe, hidji wali, deca saksi, hidji Halipah (Panghoeoe). Lamoen geus tjeokep anoe kaseboet bieu lamoen geus SAH akadua nikah na, kakara diseboet laki rati.

Ari laki rabi tea geus oemoem ti baheula djaman para Nabi malah tjk hoekoem gama hidji lalaki anoe geus meudjeuhna oemoerna tinimbang ngalakanan ziuah, leuwih octama nikah, panghadena nikah koedoe ka parawanan (landjang) anoe geus tjeokep oemoerna. Naon sababna noe matak sipay manoesa awewe djeung lalaki koedoe kawiu??

Ari sababna noe matak sipay manoesa koedoe kawiu:

1. Sabab kabiasaan oemoem noe roetkeun atoeran alam, teu pilih bang sa teu pilih agama.

2. Soepaja toeroen toemoeroen anak baranahan (soepaja beuki tainbah lo-ba djelima).

3. Soepaja awewe lalaki bisa teng-trem hiroepna dina venggoring ngadjalankeun kahiroepan.

4. Soepaja halal awewe anoe ditikah oleh sampe ngalakanan kama'siataan (ngalakanan anoe binu) anoe nge langgar tjegehan. Djaba ti eta loba deui kaoetamaanana jen manoesa koedoe kawiu . . .

Ari sarat kaoetamaan noe rek boga pamadjikan, moenggoch tjelek noe ahli hoekoem sare'at

No. 1. Lalaki noe rek dikawinkueun koedoe geus boga elmo (pangarti) octama lamoen tjeokep pangartina.

No. 2 Koedoe geus boga pagawean (geus boga peresoehaan).

No. 3 Koedoe tjeokep nganjahoe-keun elmo agama djeung drigatna.

No. 4 Pangasilan (pangala lalaki) koedoe geus tjeokep pikeu diateda koe doeaan, soemawonna lamoen tjeokep diateda djeung anak.

No. 5 Modal peresoehaan koedoe tjeokep boh roepa doet, boh roepa kapipteran.

No. 6 Geus baleg (geus tjeokep oemoerna) lalaki sukoerang-koerangna 18 thoen, awewe sukoerang-koerangna lo tahoen.

Lamoen kira-kira tatjan tjeokep anoe kaseboet bieu oelah waka nge winteen.

Lamoen lalaki oelah waka boga pamadjikan.

Tapi lamcen geus tjeokep sarat maratna kakara oerang neungan (milih

## TOKO Universee Agentschap **NIC MULLER** TASIKMALAJA Coenoengladoe No. 15 Telefoon No. 26.

Roepi roepi oebar oebaran sapertos:

Landong njeri bool

Landong soepados tiasa koelem

Pil koeras manis

Landong panas anggoen moerangkalih

Landong intjok

Saboen anggoen kasawat koelit

Landong noe lembek salira soepados

Landong gohgoj sareng mengi

Zalep boelao koneng sareng bodas

Kompa pinareup

Wedak roepi roepi

Pel njenjepan

Landong njeri kahampangan

Castor olie noe diboengkoes

Creoline, Karbol

Kompa istri

Landong njeri beuteung tadjam

Oebar kokoloteun

Landong angkeng

Kain karet No. I.

Landong kiat ka . . . ?

Landong kakiutan moerangkalih soe-

pados montok

Limoen pergasi

Landong paranti moeragkeun boeloe

kelek

Oebar raheut

Oehar paranti dikoeramas

Oebar toembila

Landong kakiutan salira

Perban perbaan, kapas sareng seu-

eur seeur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain

kain roepi roepi warni.

Mo-lel, moerah, aloes.

Mangga lebet ka toko.

Noe ngantos

Nic Muller.

## TOKO en DRUKKERIJ

Pasoendan Tasikmalaja.

Nampi saniskanten padamelan, ngi-

tjal wawatjau anoe parenting anoe

marodel, sapertos:

Barata Raina, kenging disebat poe-

saka orang dina daengding basa sa-

ring (tjariosna, karangan R. Angga-

brata Boetjanga Soenda . . . f 0,65

Ardjoenawidjaja, peuting eusina,

basana, margalojoena . . . f 1.—

Mintaraga Ardjoenawidjaja penting

olehkeun . . . . . f 0,50

Pergiwi Pergiwati penting moal

aja noe bireuk . . . . . f 0,35

Atoran hal onwettige Occupatie

(tanah mentah teu sjah) . . . f 0,25

Pangadjaran Agama Islam (panga-

toeraanana) . . . . . f 0,35

Wet perhoeroan . . . . . f 0,60

Sadjarah Kangdjeng Nabi Moeha-

mad . . . . . f 0,50

perloe diaraos.

Noe pesen leuwih ti 3 boekoe

ongkos vrij.

Wawatjan Wasiat Rama moeng f 0,10

perloe kanggo persen moerangkalih.

di Toko Pasoendan

TASIKMALAJA.

## BARANG MODEL!

Nembe dongkap boekoe DOCUMENTEN DAGANG, eusina TJON-TO-TJONTO soerat dagang, acceptatie, soerat hoetang, contract, soerat boekti, rekening, soerat keterangan, advertentie, soerat kawasa, wissel, djeung sabangsana,

(Basana basa Malajoe) . . . . . f 1,75

Tjarita LOETOENG KASAROENG . . . . . f 2.—

Bareng rea-re aui boekoe lanjar.

Boehoenkeun prijcourant ka TOKO BOEKOE  
**L. A. LEZER**  
Tasikmalaja.

## SIK DJOEN KWAN TOEKANG GIGI

Tjhildeunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angan-angan sadjians, jen di doenja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambitan oelam, teu karaos njarelpna dina waos, lami-lami ngagoseudoek ka lebet doegi ka kadadian njeri waos sareng koprok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeleng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjor pisan ngadjadikun kasawat laeleng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajakeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilongan-dongan ditangkeun. Nja kitoe deui njajakeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberisih sareng nggilapkeun soepados herang sapertos kilat tatin, koe-margi kieu, taugos djadi ngawo-woeh tjaahja. Njajakeun deui panon palsoe, oelam salempang. Djoeragan djoeragan istri dilandonguanan koe njou

pipamadjikaneun). kitoe deui dina eng goning milih pipamadjikaneun oelab laiwawa, oelah gagabah, oelah dijang-iji bae awewe, koedoe dipilih sing lantip . . . Oelah kaboro koe bogoh, kasilah koe asih.

Ari mistina lamoen noeroetkeun heekoom Agama kaoetamaanana sa-memeh milih lampaha perloekueun milih anoe kaseboet dihandap ieu.

Pertelaanana hidji hidji martabat djelema mistina (koedoena).

Nomer 1 koedoe sakaroehoen.

• 2 • satoeroeuau  
• 3 • sabangsa  
• 4 • sagama  
• 5 • saadat satabe'at.  
• 6 • salemboer atawa sanagara.

• 7 oemoer pamadjikan koordoe sahandapeun salaki.  
• 8 pangarti, pangaboga koedoe ssbadapeun salaki.  
• 9 harkatna, paugkat, dardjat koedoe sahandapeun salaki.

Laranganan (tjegahanan)

Nomer 1 oelah ngawan sedjen bang-

sa.

• 2 • anoe henteu saaga-

ma  
• 3 • anoe ngaloehooran ka salaki saperti oemoer, pangarti, ja ngaboga.

Nomer 4 oelah noe ngaloehooran ka salaki dina pangkatna, harkatna, dardjatna.

No. 5 oelah ka noe beunghar anoe loear bisa.

No. 6 oelah ka noe geulis anoe loar bisa.

Nomer 7 oelah ka oengkloek atawa ronggeng.

Nomer 8 oelah ka noe henteu bo goh.

Nomer 9 oelah ka toeroenan noe goreng, atawa toeroenan gelo, edau, djeung sapadana.

Nomer 10 oelah ka noe goreng lam pahna.

Nomer 11 oelah ka noe koerang pangadjaran.

Dina saentasa milih pipamadjikaneun perloe oerang njaho dina watek na awewe atawa dina pangaroehna awewe, anoe ngadjadikeun kasenangan djeung anoe ngadjadikeun kahinaun (kasungsaraan) . . .

Ari noe ngadjadikeun kahinaan ka lalaki, oepami ninggang di awewe anoe henteu meunang pangadjaran noe hadie. Tjek hidji geeroe noe moersid awewe teh beudang diseboet RA-TJOEN doenja.

Watetna awewe handap martabatna titaban lalaki henteu bisa njimpin rasiah, henteu koeat panggoeng dina sagala kasoesah djeung boga watet leuteus,

Tina fasal awewe bisa ngadjadikeun pasea (gelot) nepi ka toh pati malah nepi ka djadi oeroe-ara ngadjadikeun peperangau lantaran mareboet-keun awewe.

Di mana-mana noe loba awewe dja-hat, atawa anoe goreng kalakoeanana di dinja tempat kasokaan anoe di-toengoeungan koe katjilakan, anoe ngadjadikeun kariboeatan maish kndjian-dian ugadatangkeun panjakit djeung sok aja toekang sihir.

Awewe teh boga watet tjerewed (tjomel), lamoen njarita djeung awewe koedoe saperloena bae, oelah rek ka leuwihan, noe lain-lain diomongkeun . . .

Ari noe ngadjadikeun kasenangan pangaweroehua awewe anoe asak (noe hadie) pangadjaranana, ngawengkoe kana sagala kasenangan kana sagala kasalametan pikeun di doenja, malah tjeuk kiai mah njalametkeun oge di acheratna.

Lamoen awewe hade pangadjaran, kategoehanana kasutiaanana, leuwih ti lalaki, djeung lemes boedi basana lemos adtana seukeut otakna tapi sok aja noe keune koe paanjakit gehgeran, reuwasan teu kaop manggih ka sieun,

Awewe teh djadi indoeng sakabeh manoesa, perloe koe lalaki dihormat dipopepoedjehkeun soemawonna ka indoeng pribadi perloe ngamoeljakeun, malah hak-hakna awewe koedoe di-saroeakteun djeung lalaki.

Ari kaoetamaanana nikah, pirang pi-rang anoe ngadjadikeun katengremean dina sagala pamaksoedan, dina sagala lalampahan, dina enggong oerang hiroep di alam doenja. Kitoe deui bi-sa-djongdjong dina ngalakanon pag-wean bisa soegema pipikiran, djeung bisa senang dina dadaharan, dina pa-pakean, dina sasarean ngadatangkeun kasokaan djeung kani'matan. Djeung deui narik kana kagetolan, bisa tetep maksoed, dina ngadjalankeun-sakabeh pakarepan, malah tjeuk noe ahli Agama

mah, bisa tetep ibadahna koemawoela kana parentah Paugeran ngaroengkoep kana kabadean di doenja djeung di Aherat.

Aherat djelema anoe henteu boga pamadjikan, eta matak ngoerangan dina sagala pamaksoedan, saperti ngoerangan kasokaan, ngaroeng katengremean ngoerangan kasegeruan, ngoerangan kasenangan nguera-nan, kasalametan dina kahiroepan dina sagala pakarepan djeung dina sagala . . . anoe kawengkoe koe kahiroepan doenja aherat . . .

Mo Sa.

Samboengen

### Candjaran (Bintang).

Sadajana pamarentah dina oenggal oenggal nagara dina saban-sabao ta-oen masing-masing departement pada moerstel ka pangagoeng, hidji hidjina pongawa noe tjaep sarta satia, uga-djalankuuan gawe soepaja kenging bintang atawa gelaran. Boekta dina saban-sabao panceoep boelan Augustus rapang dina oenggal-oenggal soe-rat kabar noe mareunang eta gandjaran.

Teu kira-kira gede gawena, sarta kutjida diadjanana eta gandjaran, meh oenggal-oenggal pongawa pada harajang meunang roepa-roepa gandjaran tea. Karana gede pangadjina, nja eta soepaja ahirna, dimana pansion bisa toeroen ka geureuhana.

Tapi timbangan djisim koering aja oge, noe koerang bargina, nja eta gaudjaran noe kapasibkeun ka pong gawa anoe laleutik, noe henteu kenging gadjih, saperti pamarentah desa, atawa pongawa kaeou, ngen sange-koer bintang paroenggoe. Anoe sakitoedeneda, katingalna matak beurat mani menod dina dada beulah kentja.

Sanes pisan djisim koering njarita-keun kana pingashira pangagoeng, da noe meunang bintang teh ngan saeckoer tina saratoes pongawa sa-hidji, kitoe oge tjarang. Ngan eta bae koe kahajang - lamoen kenging kitoe oge tjeuk! gentos bangoenna di leutikan meueusau, kilangbara di gentos dasarna teh, da koe petak mah tjiar-ing lamoen tatjan 40 tsuen dinesna, atawa loear bisa tjaekna kana ga-we, tara aja noe meunang. Atanapi gentos bae koe pangcioen sareopia mah saboelan, troes sing toeroen ka bodjona, saperti pongawa noe sanes noe karenging gadjih tea.

Sok leuweuh bae noe kenging gandjaran teu oepami saeureuna tina gawe, boga pibekelun hiroepa sabot noenggoe-noenggoe oemoer, orokaja oepami dina njekeina gawe teh awet radjet di poengkoerna, kapajoenna bares sarta bisa lila nepi ka 3,40 tacong tjeuk teu boeroeng bae dipasihnan gandjaran bintang paroenggoe.

Djisim koering parants ningal hidji doeae pamarentah desa noe kenging gandjaran, moeng salesotna tina gawe, keupat nampah teu boga imah-imah atjan, ka hilir ka girang, ngan ngajepat bae mamake bintang, sakaleun oedoed oge menta ka batoer.

Tius ieu perkawis moegi-moegi pangagoeng, mikawelas oelah koemapa-lang, bintang dina palehab eta mab, gentos bae koe pamsioen sawah atawa panoeang, ageng alitna koemaha tim-bangan neg-ra. Atanapi diparios bae heula, mending mana meunang bintang atawa meunang pangcioen?

S. B. T.

### SINOM.

Loemajan tumba hareudang, Oebar bari ugehariring. Etang etang keur panjelang, Raos tumba kesel teuing, Anoe mans rada meuding, Hariring sowara Bandoeng. Sopajana pada terang. Itukorih ngiring ngiring. Toetereti dina kabar koeroeng karing. Obrolan djaman ajeuna, Eta itoa taja deui, Boedak kolot katjapangan, Anoe diwassha geuning, Toetereti marilah elid, Oentoeng boentoeng geus ditanggoeng, Di medan Regentschapsraad, Itoo ieu koema elid, Si kiesman mah ngan kari samboeng pidoenga. Tapi oerang sadajana,

Raracan djisim koering, Ibarat moen ugarioeng mah. Kiesman kiezer ogiring hamin, Bapa lebe minangka lid, Anoe ngadoenga mendekoeng, Nae popolah uja-boektina, Diantara djalmi-djalmi, Jakia anoe lima ratees djalma tea.

Amoeng oelah kirang kirang, Roemaos tjampoeran elid, Anoe dipariluh tea, Prakna zitting noe mimeti, Dina doea tiloe kali, Eta koedoe di maraloem,

Lamoen aja kakoerangan, Ilahai moenggoeh di djalmi, Nadjan anoe ditarenoem koe nagara. Geus tangtoe rada kasima, Tala mba tolombo miati,

Anoe koerang bissa mah, Sauadjan tadina wani, Itoeng sing dijadair praktik, Komo lid asal ti kampoeng, Manah tangtoe rada mangmang,

Aloer djalma owah gingsir, Lalampahan kabeh lid rea salahna. Anoe sami bajang terang, Janoeari noe mimeti,

Antero tanah Pasoendan, Soegan palaj taringali, Adeean ti saban district, Laladjoan waktoena proeng, Ambet tambah loeng oerang. Manahna noe djadi elid, Eu Tong sina ngepiek djawer ngandar djang-ting.

### Paparin ti Ejang.

Samboengan

157. Kalakoean noe matak njala-metkeun salalilana hiroep oelah rek poho beurang peuting.

158. Omongan (ketjap) noe matak njalametkeun kana badan, lain koe omongan lemes bae, sadadjan koerang lemes oge asal oelah noe matak njera kana hate batoer.

159. Migoesti ka salaki, tiek hoe-koem agama, koedoe sareoa djeung ratee.

160. Lamoen andjeun keur diajih (dipikanjaah) koedoe leuwih-leuwih ti satia sarta soemoedjoed.

161. Lamoen andjeun roemasa bo-ga sulah (boga doza) gautjeng menta dihampoera.

162. Pikaosaheun, pikasakiteun pibalaione koedoe didjaga salilana.

163. Pasra (pareboet bener) lamoen pateus teuas doeana matak ngadjadikeun katjilakaan.

164. Kana sagala perkara, oelah miradjeuan mokaha.

165. Boga ingetan noe pandjang lir ibarat boga tali anoe pageuh.

166. Oelah nginet-ningget kasala-han (kagorengan) batoer. Ari hadena mah nginet-ningget kasalahan lam-poborongan.

167. Oelah njawad beubeunangan batoer, anggoer mah beubeunangan andjeun hadean.

168. Djingoe anjar pinanggih, andjeun koedoe ngahormat sameu-djeuhana tapi lamoen aja maksedna kieu tea, kitoe tea, andjeun koedoe awas.

169. Djelena goreng hate, leuwih ti sato galak, matak njilakakeun ka batoer.

170. Aja di panjahaan, andjeun oelah njawad ka adat (pamakena) noe djadi priboe.

171. Saha-saha noe bisa njingka-han pikasoesaheun, eta djelema geus njaho kamerdikaan hiroepoa.

172. Dadamelan Goesti Allah kabe oge bener bae, hade bae, sanadjaa ngadamel noe goreng oge koe noe mangarti beuunang dipake ngamisil-keun.

173. Dipake meuli elmos harga saketip, tjeuk pilih, djeung dipake meuli karesep (kabogoh) teu aja goena-na, tapi hargana saratoes roepia, la-moen elmoena dipake, mangpaatna leuwih ti harga noe saratoes roepia, naha tener??

174. Entong bingoeng koe kasoe-sah, anggoer mah geura ihtiari, kasoe-sah mah sakabeh mahloek pada boga.

175. Sanadjan ngakoe - ngakoe "Alim" ari masih ngagorengkeun ka batoer mah, kaitoeng bodo, nadjan lobo elmoe.

Mo Sa.

Samboengan

Bere diploma ti Groote Tentoostel-

ling Tas km 11a. 1925

### Koek - en Bankethakkerij

Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloea-nana koeweh, sapertos: boembona, klosirna sareng kembangna oge, panga os kenging badanten.

Tiasa mangdamekenn ijs poeter noe sajaktosna, dina 1 Liter tim-bangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5— ditanggel sae.

Noe ngantos

17 Raden Natamihardja.

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

### Perloe Oeninga.

Mangga aos mangga tioban mangga boeklikeun salamina nampi roepi-roepi padamelan panganggo pameget atanapi anggoas. Mareerangkali noe didamel-an ditanggel sae sareng rapih oge kanteena disajagikeun lawoena roepi-roepi sareng nampi kenkenan ngadangdoean roepi-roepi bangga erloejil kalsan disajagikeun saparaboina.

Diantos piyan kerja nloban sareng enggal pacen Ongkoesa (Panyoena) di tanggel mitar.

Normalna poen

SASMITA

Kleermakerij en Horlogemakerij

met

"Malah Mandar"

Stationweg 21

TASIKMALAJA.

Djoeragan<sup>2</sup> sareng radere<sup>2</sup> oelah kabelukan, moal aja noe bireuk, moal enja henteu oenloga, ka Pasar baroe Tasikmalaja. Pilari bae dina roaagan No. 1 Los letter B di dinja aja waroeng GENDONG (bangkelan) noe parants kasbor kamirahanan sareng maredel barang maeng soempong saban dina oge boek di adjeng<sup>2</sup> pisan.

Hoermatna

Mh. SATIBI

50

## AWAS! OELAH KALIROE.

Kantja-Kantja Awas!

ROBAHAN PENTING

Ditoeroenkeun Sewaan

Emoet! Kantja-Kantja

Toeloeng: Oesaha Oerang Karangnoenggal (O. O. K.)

Saban dinten ngadjalankeun doea Autobus:

K